



OFFICE OF THE CHIEF INSTRUCTIONAL OFFICER
5775 Osceola Trail
Naples, Florida 34109-0919
(239) 377-0201
(239) 377-0205 FAX

26 me 2010

LÈT POU: Paran Elèv Klas Dizyèm, Onzyèm, ak Douzyèm Ane pou 2010/2011 la

DE: Martha K. Hayes 
Ofisye An Chèf Pwogram Ansèyman yo

Re: Nòt pou Semès yo

Elèv ki ap antre nan klas 10^{èm}, 11^{èm}, oubyen 12^{èm} ane nan mwa out 2010 la pap afekte pa nouvo lwa ki nan pwojè lwa 4 Chanm Sena a. Sepandan, distri a pral aplike nan tout entegralite li itilizasyon nòt semès yo pou elèv klas segondè yo nan ane 2010/2011 la. Yo pral konsidere mwayèn elèv la apati nòt yo ba li pou peryòd avèk pou ekzamen yo pou ka detèmine nòt jeneral li fè pou yon semès, e tou de nòt semès yo pral parèt nan relve nòt elèv la. Nan sèl sitiyasyon kote yo pral tire mwayèn nan nòt de semès yo pou ba li nòt pou yon ane, se lè yo rive konbine mwayèn nòt nan yon semès li pat pase avèk mwayèn nòt nan yon semès li te pase, e konbinezon an ap vin montre ke li pase klas la pou ane a. Nan ka konsa, yo pral bay elèv la kredi swivan nòt li te fè pou tout ane lekòl la. (Se la Lwa ki ekzije nou fè li konsa.) Yo pral detèmine GPA (Mwayèn Nòt pou Pwen yo) elèv la nan tire mwayèn li fè pou kou li te swiv pou tout semès la.

MKH/sf

COLLIER COUNTY CHARACTER EDUCATION TRAITS

Citizenship Cooperation Honesty Kindness Patriotism Perseverance
Respect Responsibility Self-Control Tolerance

THE COLLIER COUNTY PUBLIC SCHOOL SYSTEM IS AN EQUAL ACCESS / EQUAL OPPORTUNITY INSTITUTION FOR EDUCATION AND EMPLOYMENT.